

**COMMONWEALTH MASSACHUSETTS**  
**DEPATMAN SANTE MANTAL**

Aplikasyon pou Swen ak Tretman sou yon Baz Volontè ki Kondisyonèl  
**M.G.L. Chapit 123, Seksyon 10 ak 11**  
(fèt pa yon pasyan ki gen 16 ane oswa plis)

Non Pasyan (an lèt detache) \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_ Vil/Lokalite \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_

Dat Nesans: \_\_\_\_\_ Sèks Gason ☐ Fanm ☐

Bay Direktè Etablisman\* \_\_\_\_\_  
Non Etablisman

1. Mwen gen 16 ane oswa plis epi ap aplike isit la pou m se yon pasyan nan etablisman anwo a.
2. Mwen reyalize ke lè mwen vle kite etablisman an, mwen dwe bay Direktè Etablisman an yon avi alekri, ki ka retade depa mwen pou jiska twa jou (eksepte samdi, dimanch ak jou ferye).
3. Yon fwa mwen bay yon avi sou entansyon mwen pou m kite etablisman an, mwen reyalize ke si Direktè Etablisman an panse mwen ta ka yon danje pou tèt mwen oswa pou lòt moun akòz maladi mantal mwen an, li ka voye petisyon bay Tribinal Distri a nan peryòd twa jou pou fè m angaje nan (òdone pou m rete nan) etablisman an pou jiska sis mwa. Tribinal la pral pwograme yon odyans. Mwen gen dwa pou m gen yon avoka ki reprezante m nan odyans lan. Si mwen pa kapab peye yon avoka, Tribinal la pral nonmen youn pou mwen. Apre depo petisyon an, Tribinal la gen senk (5) jou ouvrap pou kòmanse yon odyans sou petisyon pou angajman an. Pandan moman sa a, mwen dwe rete nan etablisman an. Nan odyans lan, jij la pral deside si mwen kapab oswa pa kapab kite etablisman an.
4. Mwen dakò pou m resevwa tretman nan etablisman sa a pou maladi mantal mwen an. Sepandan, mwen konprann ke akò sa a pa limite dwa mwen pou m refize nenpòt kilè entèvansyon tretman espesifik yo ka ofri tankou medikaman antisikotik oswa terapi elektwokonvilsif.
5. Mwen te jwenn yon kopi Avi sou Dwa mwen an (Fòm CV-301).
6. Yo te ofri mwen opòtinite pou m konsilte yon avoka oswa yon moun anba sipèvizyon yon avoka konsènan enpak yon admisyon volontè kondisyonèl.
7. Mwen konprann ke etablisman an pral aksepte oswa rejte aplikasyon sa a dapre estanda klinik ak legal ki aplikab yo.

\_\_\_\_\_  
Siyati Pasyan

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Temwen

\_\_\_\_\_  
Dat

\*Direktè Etablisman an se sirentandan an, direktè egzekitif, direktè pwogram, oswa lòt administratè etablisman an ke etablisman an deziyen pou sipèvize pati administratif yon etablisman oswa moun li deziyen an.

## AKSEPTASYON/REJEKSYON ETABLISMAN AN

Dapre kritè ki endike anba a, yon klinisyen Ki deziyen\* nan etablisman an ap aksepte oswa rejte aplikasyon an.

- |                                                                                                                                        | Wi                       | Non                      |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------|--------------------------|
| 1. Pasyan sa                                                                                                                           |                          |                          |
| A. te dyagnostike avèk maladi mantal jan sa defini nan 104 CMR 27.05(2),                                                               | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| B. bezwen swen ak tretman pou maladi mantal sa a,                                                                                      | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| C. bezwen entènè (i) pou swen ak tretman sa <u>oswa</u> (ii) pou anpeche domaj grav akòz absans yon altènativ plasman ki pi apwopriye. | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 2. Etablisman sa apwopriye pou swen ak tretman sa.                                                                                     | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 3. Mwen te detèmine ke pasyan sa a konprann ke li:                                                                                     |                          |                          |
| A. dakò rete ak resevwa tretman nan etablisman sa a,                                                                                   | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| B. dwe siyen yon avi twa jou sou entansyon li pou kite,                                                                                | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| C. ka oswa ka pa otorize kite san yon odyans tribinal.                                                                                 | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

\*\*\*\*\*

Si chak bwat yo tcheke kòm "Wi", lè sa a, y ap aksepte aplikasyon an sof si yo poko admèt pasyan an, nan ka sa a aplikasyon an ka aksepte sèlman si kritè etablisman an pou admisyon yo te satisfè. Si nenpòt bwat yo tcheke kòm "Non", y ap rejte aplikasyon an, sof si sèlman bwat "1.A", "1.B", oswa "2" yo tcheke kòm "Non" nan ka sa a etablisman an ka aksepte si ospitalizasyon volontè kondisyonèl pasyan an nesesè pou anpeche gwo domaj akòz absans yon altènativ plasman ki pi apwopriye.

\*\*\*\*\*

### Pasyan an pa ka siyen yon avi twa jou sof si yo te aksepte fòm sa a

\*\*\*\*\*

Mwen menm, yon klinisyen\* etablisman sa a ki deziyen, isit la (tcheke tout bwat ki aplikab yo):

4. ☐ **Aksepte** aplikasyon sa pou ospitalizasyon volontè kondisyonèl:
- ☐ A. Pasyan an ap aplike pou swen ak tretman sou yon baz volontè ki kondisyonèl.  
☐ B. Mwen te detèmine ke pasyan an gen kapasite pou aplike pou ospitalizasyon volontè kondisyonèl.  
☐ C. Mwen te detèmine ke kritè aplikab pou estati admisyon volontè ki kondisyonèl la satisfè.  
☐ D. Sèlman bwat "1.A", "1.B", oswa "2" yo ki tcheke kòm "Non" epi ospitalizasyon kontinyèl nesesè pou anpeche domaj grav akòz absans yon altènativ plasman ki pi apwopriye.

5. ☐ **Rejte** aplikasyon sa pou ospitalizasyon volontè kondisyonèl. Rezon:

---



---



---

\_\_\_\_\_  
Siyati Klinisyen ki Deziyen an

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Non an lèt detache

\_\_\_\_\_  
Tit

Kapasite pasyan sa a pou rete nan estati Volontè Kondisyonèl dwe re-evalye nan moman chak revizyon peryodik.

METE NAN DOSYE PASYAN AN TOUSWIT

\*Yon doktè oswa enfimyè pratik avanse ki kalifye, ke Depatman an otorize, jan sa aplikab pou 104 CMR

33.00